ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЫДІОКІ

№30 (22.438) • 2013 гъэм мазаем (февралым) и 19, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм зэкІуэгъуэм и 14-м кыдигъэкІа Указ №181-УГ-мкІэ къыщІэн, зэхъуэжІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету **унафэ сощІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм пыухыкІауэ хэтхэм и ІэхъукІэ» 2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м кыдигъэкІа Указ №181-УГ-мкІэ къыщІэн, зэхъуэжІыныгъэ хэлъхьэн икІи абы хэгъэхъэн **Шагин Сергей Иван и къуэр** - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжныгъэм и Іэухухэмкіэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, кхъыуа гуэвэгъуэхэм я льэужьхэр гъэзэкІуэжьынмкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(эгъуфІуауэ).*

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм мазаем и 12-м
№23-УГ

КъБР-м и Іэтащхьэм фІыщІэ къыхуащІ

Урысейм дзюдомкІэ и федерацэм и президент Анисимов Вячеславрэ дзюдомкІэ дунейпсо фондым и президент Ротенберг Аркадийрэ къабгъэдэкІ телеграммэ иджыблагъэ КЪБР-м и Іэтащхьэм и цІэкІэ къэхІуащ.

АБЫ КЪЫЩІГЪЭЛЪГЪУАЩ Париж 2013 гъэм мазаем и 9-м щекІуэкІа «Тажышхуэ» дунейпсо зэхьэзэхуэм ди спортсменхэри зэрыхэтар. КЪБР-м щыщ Мудрэн Бесльэн Франджым и къэралыкъэм жэз медалыр къыщІэкІащ.

«ПщІэ зыхуэтщІ Арсен Башир и къуэ, - итщ телеграммэм. - Урысейм дзюдомкІэ и федерацэмрэ дзюдомкІэ дунейпсо фондымрэ я цІэкІэ фІыщІэ пэудощІ апхуэдэ екъуІэныгъэ къэтхьын папщІэ фІи щІыналъэм мы спорт пІуэмыжыгъуэм зыщІегъэужьыным куэд зэрыхэпщІыхьам къыхэкІыу. Дынохъэхъуэ узыншагъэ быдэ уиІэну, фи спортсменхэм ехъуІэныгъэщІэхэр къахьыну».

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

• Энергетикэ

Нэхъыфіхэм хабжэ

УФ-м и Президент Путин Владимир мазаем и 13-м иригъэкІуэкІащ Гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ экологие шынагъуэншагъэмрэ зэрызэужьыну стратегием пыщІа Іуэхугъуэхэмкіэ комиссэм и зи чэзу зэІуІэр. А Іэнатіэхэм я унафэщІхэр зыхэта зэхьыхьэм къэралым и Іэтащхьэм гульытэ хэха щыхуищІащ тук уасэхэр зэратым, сыту жыпІэмэ, электрокъарукІэ кьызэзыгъэпэщ компаниехэм энергие къэзылэжьхэм я щІыхьэшхэ зэрателыр нужьрей зэманым урысейпсо Іуэху хьуащ.

УФ-м ЭНЕРГЕТИКЭМКІЭ и министр Новак Александр и докладым щхьэхуэу кьыщытеувыІащ КИФЩІ-м и республикэхэм абы и лъэныкъэкІэ щытыкІэр зыщыхуэдэм. Абы кьызэрыхигъэщамкІэ, нэгъабэ бадзэуэгъуэм и 1 льандзэрэ (илъэс ныкъуэм кьриубыдэу) кьагъэсэбэпа токымкІэ щІыхуэхэр хэпщІыкІыу нэхъ мащІэ хьуащ. Ар и фІыгъэщ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр, Урысейм Энергетикэмкіэ и министерствэм, энергокомпаниехэмрэ хабззхьумэ Іэнатіэхэмрэ щыщхэр хэту, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ Хлопоник Александр и унафэщІу кьызэрагъэпэща гуп хэхар а Іуэхум жыдкэру яужь зэрихьам. Министрым зэрыжиІамкІэ, Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэ псоми кьарузехьэ Іэнатіэхэр зыхэта зэІуІэр щрагъэжьэуакІащ.

- 2012 гъэм и апэ мазихым щІыхуэхэр сом меларди 4-м нэсауэ щытамэ, етІуанэ ильэс ныкъуэм кьриубыдэу ар сом мелуан 500-кІэ дгъэмэщІэн тхуэзэфІэкІащ. Абы кьегъэльагъуэ щІыпІэхэм мы Іуэхум я гупэр зэрыщыхуагъэзар, лъэпощхьэпохэр кьызэнэкІыным зэрыщелэжьащІ. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ хэхауэ сакьытеувыІэнут (мы щІыналъэхэм щолажьэ электрокъарукІэ кьызэзыгъэпэщ «Къэрэшей-Шэрджэсэнерго» ОАО-хэр). А республикэхэм щІыхуэхэр адэжІэ зэтрамигъэхьэну яхуэзэфІэкІам и мызакъуэу, ятелъхэр хуэдитІкІэ зэрызэщІащ,- кьыхигъэщащ Новак Александр.

Апхуэдэу зэІуІэм кьыщагъэльэгъуащ токыр къэзылэжь компаниехэмрэ электрокъарукІэ кьызэгъэпэщІыныкІэ щэсыпІэу кьэув общественхэмрэ я Іуэхугъэ зыпхьэхуещхэр зэхуэщІыкыным, ар зи пщэрыль Іэнатіэхэм ящыгъуу, дяпэкІи зэрыпащэнэр. КьищынэмыщІауэ, Новак Александр кьыхилъхьащ электроэнергетикэмкІэ Законым игъэтхапхъэ кьиныкъуэ зэхьэуэкІыныгъэ зыбжанэ. АпхуэдизкІэ токымрэ зыбгъэдыдыну хуэмыт Іуэхущапіэхэм абы и уасэр яхуэтыныжкІэ щэсыпІэхэр кьызэрагъэпщыныр, щхьэзыфІэфІу Іэнатіэхэр токым пызыдзэхэм сом мин 500-м нэскІэ етхьэкъуныр.

«Къэбдалькъэнерго» ОАО-м и пресс-Іуэхущапіэ.

• Хъыбар гуапэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и радиор йофІакІуэ

МАЗАЕМ и 1-м щыщІэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и лэжьыгъэм узыщыгчуфІыкыын зэхъуэжІыныгъэ иГуэтащ. Иджы езым я канал яІэжу (FM-99,5) махуэм сыхьэт 12-кІэ мэлажьэ урысыбзэкІэ, адыгэбзэкІэ, балъкъарыбзэкІэ. Пщэдджьажьым сыхьэтиблым щыщІэдзауэ пщыхьэщхьэм сыхьэтибл хъуру федауэну Іамал фІыщ пшынальэхэм, уэрэдхэм, Іуэрыуатэм и хъугъуэфІыгъуэхэм, литературэм и ехьулІэныгъэхэм, нэгъуэщІ кьинэмыщІхэми.

Мы каналыр яльэІэсыныр жылагъуэ пхыдзахэм, ебललэмэ хамэ кьэрал щыпсэухэмэ.

Республикэм исхэм гу зылъатапхъэ

«Урысей зэкъуэт» партым и тхьэмадэм цІыхухэм щахуэзэ и жылагъуэ щІыналъэ Іуэхущапіэм и чэнджэщапІэ центрым цІыхухэр ирегъэблагъэ сабий зеиншэхэр, адэ-анэм я нэІэ щІэмыту къэна цІыкІуэмрэ къэралым и Іуэхущапіэ зэрадэІэпыкъуэр. Къапщтэмэ, Нартан дэт школ-интернатым щрагъаджэхэр гъащІэм зэрыкъэзэгъэнымкІэ чэнджэщ щрат центр кьыщыІэуахри, зэрылэжьэну жыпІхьэри яубзыхуащ. Министрым жиІащ сабий зеиншэхэм лей кьатемыгъэхьэным, балигъ хьугъуэм ирихьэлІэу унэ иратыным пыщІа Іуэхухэм я нэІэ зэрыртрагъэтыр.

Адэкіэ Семэныр тепсэльыхьащ курыт еджапІэм и программэм кьыхихьа дерсыщІэхэр езыгъэкІуэкІыну егъэджакІуэхэр зэрагъэхьэзырым. Егъэджакіуэхэм я щІэныгъэм хагъэхьэным республикэм сом мелуан 18-м щІигъ тригъэкІуэдащ. 2012 гъэм егъэджакІуэ 356-рэ сыхьэт 72-кІэ щІэсащ «Основы религиозных культур и светской этики» жыхуиІэ дерсхэм.

Ерагъэжьауэ я улахуэр хэгъуэгуфІ ику ягъ ущатым хуэдиз мы гъэм зэрыхьнур (сом 17610-рэ), 2018 гъэ пщІондэ ар сом 28314-м зэрыпэсынур жиІащ министрым. Мы гъэм щІыпІэм и 1-м щыщІэдзауэ егъэджакІуэхэм, унагъуэ хуэмыщІахэм я сабийхэм ящІэжьхэ педагогхэм, педагог-психологхэм, унафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэхэм (апхуэдизкІэ 690-рэ мэхъу) я улахуэм хэхъуащ икІи сом 12770-м кьыщыщІэдзауэ 17610-м нэсащ. Ар яхуэфІэкІын папщІэ, республикэ бюджетым егъэджэныгъэ Іэнатіэм иджыри сом мелуан 768,7-рэ хухихащ.

Кьыкіэпыкіуэу Семэныр кьытеувыІащ Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ зэращІыІа зэгурыІуэныгъэм. Абы ипкъ иткІэ класс унафэщІхэм а къаІэн мыпыншыр зэрырахьэкІым папщІэ ахъшэр иратынущ. Абы хухяныпур сом мелуан 74-рэ сом мин 789-рэ мэхъу, ар кьызыхьэныр федеральнэ мыльхъуращ, республикэ бюджетым щыщу абы хатъхьэнущ сом мелуан 27-рэ. А ахъшэр зратыну класс унафэщІхэр 4752-рэ мэхъу.

2012 гъэм сабий садхэм иджыри 2287-рэ зэрагъэхьэфам, дяпэкІэ я мурадхэм щытепсэльыхьым министрым кьыхихьэщащ Аруан, Шэрэдж, Шэджэм куейхэм сабий садхэр иджыри зэпэуфбдауэ зэрыщыщытыр. Тэрч куейм хыхьэ Курп ІпщІэ кьуажэм сабийуэ 100 зыуэфІэфын гъэсапІэ щаухуэну проектым зэрыхагъэхьари дыщІигъужащ Семэным и псалъэм. Абы кьызэригъэльэгъуамкІэ, 2014 гъэм фокІадэм и 1-м ирихьэлІэу республикэм щІэжьнукъым сабий сад зэрахуримыкьым епха гукъеуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым кьэрал мыпТкъурэ щІы Іуэхуэмкіэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Тонконог Аннэ** и гугъу ищІащ Къэрал мыпТкъур муниципальнэ щІыналъэхэм зэрыратыжкІэ нуи ехьэлІауэ къэзгъэзэжмкІи мы Іуэхум яужь итын зэрыхуейр.

КъБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм сом мелуанищэ мин 435-рэ зи уасэ спорт Іэмэпсымэхэмрэ зэрыджэгу хьэпшыпхэмрэ республикэм и спорт Іуэхущапіэхэм трагуэшэнущ. Кьэпсэтъам кьызэригъэльэгъуамкІэ, абы автомашинэу 6 хохьэ. Тонконог Аннэ зи гугъу ищІахэм ящыщщ Къэрал Іуэхущапіэм и унафэщІыр щытрагъэувэкІэ, ар кьызэрыхах Іэмалхэр нэхъ тынш щІынри. УнафэщІыр кьыщыхахкІэ Іыхьитіу зэхэлъ зэпеуэ ящІу щытамэ, иджы епсалъэрэ зыхуэфащэр кьыхахьу ящІыну кьызэхуэсахэм кьыздащтащ.

Кьэбэрдей-Балъкъэрым финансхэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Мишковэ Ириндэ** Тырныауз щыщ Кулимовэ Аннат сом мин 50-кІэ зыщІагъэкъуэну кьыхихьати, Правительствэм хэтхэр абы арэзы дэхъуащ.

Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ министрым и къуэдзэ **Швачий Татьянэ** и гугъу ищІащ унагъуэщІэ зыухуэзэн ятеухуауэ щыІэ программэм хэтъхьэныгъэ, зэхъуэкІыныгъэ зэрыхуащІам. Абы кьызэрригъэльэгъуамкІэ, «2011 - 2015 гъэхэм кьриубыдэу унагъуэщІхэр псэуальэкІэ кьызэрэпэщІыпрограммэм хыхьэ хъунущ зэщІхэрэгъуэстІым я зым Урысей Федерацэм и гражданствэ имыІэми. КьищынэмыщІауэ, Татьянэ зэрыжиІамкІэ, нэхъапэ ирагъэщынущ быниц е нэхъыбэ зиІэ имыІэу ягъэзэщІэн хуей я кьалэнщ ар.

«Си текІуэныгъэр Венесуэлэм и президент Чавес Уго си гуапэу хузоГъэпс. Си гуапэщ си ныбжьэгъуфІыр нэхъ псынщІэу узыншэ хъужыну», - жиІащ къэрал унафэщІым.

Апхуэдэу зызыхуигъэза, мазэ зыбжанэ хъуауэ Кубэм зыщызыгъэхьуж Чавес Уго иджы и къэралым игъэзекІащ. Дохутырхэм зэрыжаІэмкІэ, ар нэхъыфІ хьужащ.

НОБЭ

u Джейхэр хьэмэным и дуней псо махущ

u Тыркэмэным щагъэлъапІэ къэрал ныпым и махуэр

u 1837 гъэм Лермонтов Михаил «УсакІуэм и Іэнэ» зэрыпсалъэ.

u 1954 гъэм Къырымыр Урысейм хагъэхІри, Украинэм ираташ.

u 1986 гъэм СССР-м «Мир» станцыр хэрэшым ириутІыщІхьащ.

u Мазаем и 19 - 20-хэм Берлин (Германие) щекІуэкІынущ Европэ кьэралхэм я полицейхэм я конгресс.

u Адыгэ музыковед **Кьардэн Юлие** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэриты мкІэ, Налшык пшэрэтехь-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 1 - 2, жэщым 0 - 1 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар ЖЪЭКІЭМЫХЪУ Мариэтт.

• КъБР-м и Правительствэм

Іуэхущ Іэхэр къыздащтэ

Мазаем и 14-м КъБР-м и Правительствэм зэІуІэ щекІуэкІащ. Ар къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и яп къуэдзэ Марьяш Ириндэ. ЗэІуІэм хэтхэр хэпІэлъащ Іуэхугъуэ 40-м щІигъуэ.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Семэн Пщыкъан** зи гугъу ищІахэм ящыщщ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэІэ щІэмыту къэна цІыкІуэмрэ къэралыр зэрадэІэпыкъуэр. Къапщтэмэ, Нартан дэт школ-интернатым щрагъаджэхэр гъащІэм зэрыкъэзэгъэнымкІэ чэнджэщ щрат центр кьыщыІэуахри, зэрылэжьэну жыпІхьэри яубзыхуащ. Министрым жиІащ сабий зеиншэхэм лей кьатемыгъэхьэным, балигъ хьугъуэм ирихьэлІэу унэ иратынущ пыщІа Іуэхухэм я нэІэ зэрыртрагъэтыр.

Адэкіэ Семэныр тепсэльыхьащ курыт еджапІэм и программэм кьыхихьа дерсыщІэхэр езыгъэкІуэкІыну егъэджакІуэхэр зэрагъэхьэзырым. Егъэджакіуэхэм я щІэныгъэм хагъэхьэным республикэм сом мелуан 18-м щІигъ тригъэкІуэдащ. 2012 гъэм егъэджакІуэ 356-рэ сыхьэт 72-кІэ щІэсащ «Основы религиозных культур и светской этики» жыхуиІэ дерсхэм.

Ерагъэжьауэ я улахуэр хэгъуэгуфІ ику ягъ ущатым хуэдиз мы гъэм зэрыхьнур (сом 17610-рэ), 2018 гъэ пщІондэ ар сом 28314-м зэрыпэсынур жиІащ министрым. Мы гъэм щІыпІэм и 1-м щыщІэдзауэ егъэджакІуэхэм, унагъуэ хуэмыщІахэм я сабийхэм ящІэжьхэ педагогхэм, педагог-психологхэм, унафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэхэм (апхуэдизкІэ 690-рэ мэхъу) я

Къулыкъущ Іэ «щыгъупщэхъэм» ядэІэпыкъунщ

Къэрал Думэм къыщыхалъхьащ мылькуу ябгъэдэлъыр зыхуэдизыр тэмэму къэзымыгъэльагъуэ депутатхэм, сенаторхэм я мандатхэр къеІыхьыжьыным теухуа законопроектыр.

Конституциэ законодательствэмкІэ комитетым и унафэщІым и, депутатым и Иванов Сергей къызэрильытэмкІэ, депутатым и мандатыр кьеІыхьыжьыным щхьэусыгъуэ хуэхъуэр зэхьэзыгъэ щІын хуейуэ. Законопроектыр зэхэзылъхьахэм тегъэщІапІэ ящІыр щІыбэр я лІыкІуэу къалъытэхэм ящыщ куэд нэхьыбэрэ хабззэм ебакъуэ зэрыхьэрщ. Псом хуэмыдэу бэгъуащхьэрычэтым щхъуу хэтхэр, мылькуу ябгъэдэлъыр зыхуэдизыр «щІэзыуфэхэр». «Мылькуу яІэр зыхуэдизыр хэІущІыІу зыщІыну хуэмей депутатхэм, сенаторхэм я бжыгъэм хохъуэ нужьрей зэманым, - жеІэ Ивановым. - Дэ апхуэдэ «щыгъупщэхъэм» дадэІэпыкъунщ, я Іуэху зытетми щыгъуазэ тщІынщ».

Сом мелард 58-рэ и уасэ

Хъэршым кьит щынагъуэм зэрыпэщІэтыфыну Іэмалхэр кьыщыгъэльэгъуа программэ хэхам сом мелард 58-рэ нхьынущ.

Ар зэхэзылъхьахэу «Урысейхьэрш» Іуэхущапіэмрэ УФ-м щІэныгъэхэмкІэ и академием астрономиемкІэ и институтымрэ я щІэныгъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, программэр сэбэп хъунущ Челябинскэ областым мэрем кІуам кьытелъэлъа «хьэрш хьэщІэм» хуэдэхэр кьыщыхъунур нэхъ пасэу кьэхуэтэныжмкІэ, абы зэрыныгъэ кьишэр гъэмэщІэнымкІэ.

ИлъэсипщІым тещІыхьа программэм хэпІэн хуейуэ хуагъэхьащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Рогозин Дмитрий.

Зэхъуэкіныгъэхэм я тельхьэу

Эквадорым щекІуэкІа президент хэхыныгъэхэм бжыгъэр щиубыдащ а къэралым иджыпсту и унафэщІ Корреа Рафаэлъ.

Лъэпкым и хэкакІуэ советым и ІэщІагъэлІхэм кьызэрильытэмкІэ, етІуанэ Іэ Іэт щымыІэу ар кьэрал унафэщІу кьызэрыпэжьынур гурыІуэгъуэт. ЦІыхухэм ягу ирохь абы кьэралым щригъэжІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэр. Хэхьныгъэхэм хэтащ ЦІыху мелуан 11,6-рэ. Эквадорым щыпсэухэм Іэмал имыІэу ягъэхьэщІэн хуей я кьалэнщ ар.

«Си текІуэныгъэр Венесуэлэм и президент Чавес Уго си гуапэу хузоГъэпс. Си гуапэщ си ныбжьэгъуфІыр нэхъ псынщІэу узыншэ хъужыну», - жиІащ къэрал унафэщІым.

Апхуэдэу зызыхуигъэза, мазэ зыбжанэ хъуауэ Кубэм зыщызыгъэхьуж Чавес Уго иджы и къэралым игъэзекІащ. Дохутырхэм зэрыжаІэмкІэ, ар нэхъыфІ хьужащ.

• КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

ЩІыуэпсыр зыхуей хуэзэн папщІэ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и зи чэзу зэІуІэ мэрем кІуэм екІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ республикэм и щІыуэпсыр фейдэ пылъу къэгъэсэбэныным дыкьэзыухъуреихь дунейр хьэмэныжьмрэ пыщІа Іуэхугъуэхэм.

ЗЭІУІЭМ хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщІым и кьулыкъур пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Кьуэшрокьуэ Залым,** КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ **Жаным Руслан,** КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ **Къуэдзокьуэ Мухьэмэд,** федеральнэ инспектор **Канунников Александр.**

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэр зыгъэпІейтейуэ кьыхалъхьа Іуэхум теухуауэ ехьэпсэльащ абы и тхьэмадэ **Тау Пщыкьан.** Абы жиІащ республикэм и щІыуэпсыр зыхуей хуэзэу къэтэжьэбэныным, дыкьэзыухъуреихь дунейр хьэмэным екьэлІауэ ди лъахэм щекІуэкІ Іуэхугъуэхэр кьызэрапщытар, лэжьыгъэ пыухыкІахэр зэрырагъэкІуэкІар, абы теухуа зэхьыхьэхэр, «стІол хьурейхэр» зэрыщэхашар. А псоми кьарикІуаХэмрэ дяпэкІэ зи ужь итыпхьэхэмрэ зэпкьрихащ кьэпсэльэм.

КъБР-м щІыуэпсым и хьугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министр **Гызыев Берт** кьызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ кьалэтэ Іуэхугъуэм теухуауэ ялэжькым, кьалэхэм, кьуажэхэм щыІэ пхъэнкІий идзыпІэхэр зы хабзэрэ мардэ гуэрэр тету кьызэрызэрагъэпэщым, псыхэр гъэкъэбзэным гульытэ хэха зэрыхуащІым, нэгъуэщІхэми.

2013 гъэр Дыкьэзыухъуреихь дунейр хьэмэным и илъэсу УФ-м и Президентым кьызэрыхилъхьам ятІкІэ, КъБР-м и Парламентым Экологиемрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ и комитетым лэжьыгъэ щхьэхуэхэр егъэкІуэкІыным проектэхэр зэрагъэхьэзырыр, 2012 гъэм абы ехьэлІауэ зэфІагъэкІахэмрэ дяпэкІэ гу зыльытапхьэхэмрэ кьыхэщІу кьэпсэльащ зи гугъу щІы комитетым и унафэщІ **Несутулов Виктор.**

Кьагъэльэгъуэ Іуэхум и хэкІыпІэм кьалытэхэмрэ кьалэнхэр зи пщэ кьыдэхуэ Іуэхущапіэхэм я бгъэдыхьэкІэхэмрэ кьызэщІу, зэІуІэм кьыщыпсэльащ Жылагъуэ палатэм Узыншагъэр хьэмэныжьмкІэ, демографие политикэмрэ экологиемкІэ и комиссэм и унафэщІ **Хутуевэ Светланэ,** Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым Мэкъумэш Іэнатіэмкіэ и щІэныгъэ лэжьакІуэ **Жырыгу Радий,** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зоологиемкІэ и кафедрэм и доцент **Хьэтхьэу Іэбубэчыр,** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университетым и профессор **БжэІымых Владимир** сымэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ. **НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.**

Псапэ фщІэным фыхуэпІащІэ

Налшык къалэ дэт медицинэ колледжым мазаем и 14-м Іуэху щхьэнэ щекІуэкІащ.

• Пшыхьхэр

Медицинэ колледжым и къэфакІуэ гупым пшыхьыр ягъэдахэ.

КОЛЛЕДЖЫМ щІэсхэмрэ щылажьэхэмрэ я кьарукІэ кьызэрагъэпэща пшыхьыр лышх уз зыпхьэрэ сабийхэм ядэІэпыкъуным теухуат. «Псапэ фщІэным фыхуэпІащІэ» Іуэхум кьрихьэлІа дэтхэнэми ахьшэу игу пыкІым хуэдиз иридзэрт ашык цІыкІухэм. ЦІыху Іущ гуэрым жиІэгъауэ щытащ: «ФІы щыпщІэкІэ, ар зыхуэпащІэр псом япэ уи щхьэщ, Іуэхуфі пщІэху, уи псэр нэхъ кьулей мэхъу». КъыжьІапхъэщ, пшыхьыр щекІуэкІа пэшым щІыхур щІэзу зэрыщІэсар, гуапэщ ди щІэблэр псапащІэ Іуэхухэм зэрыпылъыр.

Зэхуэсыр кьызэІуахащ икІи ирагъэкІуэкІащ колледжыр къзыуха **Щокьарэ Болтэр** ЛІыхьыгу Аминэ**р,** колледжым щедэжхэу **Пщыкьуэ Іуэлэдинрэ Мыхь Залинэрэ.** Абыхэм я псалъэхэм кьыхагъэщащ зэгуэкІуахэм я махуэм ирихьэлІэу, хабзэ яхуэхьуауэ, лышх кьызэзухэм зэрадэІэпыкъун ахьшэ зэрызэхуахьэсыр, пшыхь дахэ зэрырагъэкІуэкІыр. Мы гъэм абы нэхъри зыхуагъэхэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Тонконог Аннэ** и гугъу ищІащ кьарал мыпТкъур муниципальнэ щІыналъэхэм зэрыратыжкІэ нуи ехьэлІауэ къзгъэзэжмкІи мы Іуэхум яужь итын зэрыхуейр.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт** цІыхуіблым мылькукІэ щыхьэхьэ Іуэхум теухуауэ кьэпсэльащ абы и тхьэмадэ **Тау Пщыкьан.** Абы жиІащ республикэм и щІыуэпсыр зыхуей хуэзэу къэтэжьэбэныным, дыкьэзыухъуреихь дунейр хьэмэным екьэлІауэ ди лъахэм щекІуэкІ Іуэхугъуэхэр кьызэрапщытар, лэжьыгъэ пыухыкІахэр зэрырагъэкІуэкІар, абы теухуа зэхьыхьэхэр, «стІол хьурейхэр» зэрыщэхашар. А псоми кьарикІуаХэмрэ дяпэкІэ зи ужь итыпхьэхэмрэ зэпкьрихащ кьэпсэльэм.

КъБР-м щІыуэпсым и хьугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министр **Гызыев Берт** кьызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ кьалэтэ Іуэхугъуэм теухуауэ ялэжькым, кьалэхэм, кьуажэхэм щыІэ пхъэнкІий идзыпІэхэр зы хабзэрэ мардэ гуэрэр тету кьызэрызэрагъэпэщым, псыхэр гъэкъэбзэным гульытэ хэха зэрыхуащІым, нэгъуэщІхэми.

2013 гъэр Дыкьэзыухъуреихь дунейр хьэмэным и илъэсу УФ-м и Президентым кьызэрыхилъхьам ятІкІэ, КъБР-м и Парламентым Экологиемрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ и комитетым лэжьыгъэ щхьэхуэхэр егъэкІуэкІыным проектэхэр зэрагъэхьэзырыр, 2012 гъэм абы ехьэлІауэ зэфІагъэкІахэмрэ дяпэкІэ гу зыльытапхьэхэмрэ кьыхэщІу кьэпсэльащ зи гугъу щІы комитетым и унафэщІ **Несутулов Виктор.**

Кьагъэльэгъуэ Іуэхум и хэкІыпІэм кьалытэхэмрэ кьалэнхэр зи пщэ кьыдэхуэ Іуэхущапіэхэм я бгъэдыхьэкІэхэмрэ кьызэщІу, зэІуІэм кьыщыпсэльащ Жылагъуэ палатэм Узыншагъэр хьэмэныжьмкІэ, демографие политикэмрэ экологиемкІэ и комиссэм и унафэщІ **Хутуевэ Светланэ,** Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым Мэкъумэш Іэнатіэмкіэ и щІэныгъэ лэжьакІуэ **Жырыгу Радий,** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зоологиемкІэ и кафедрэм и доцент **Хьэтхьэу Іэбубэчыр,** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университетым и профессор **БжэІымых Владимир** сымэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ. **НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.**



Ахъшэ зрадзэ ашык цІыкІуэр ІуплъапІэм щытщ.

Льэпкъ Іущыгъэ:

Мыщащхьэ плъагъуу, мыщэ лъэужь умылъыхъуэ.

Къ БР-м и цІыхухэм ящІэн щхьэкІэ

ІУПЪХЬЭ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхуэр зэрапэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьэмэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыІэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.

Къ БР-м и Іэтащхьэм фІыщІэ къыхуащІ

Урысейм дзюдомкІэ и федерацэм и президент Анисимов Вячеславрэ дзюдомкІэ дунейпсо фондым и президент Ротенберг Аркадийрэ къабгъэдэкІ телеграммэ иджыблагъэ КЪБР-м и Іэтащхьэм и цІэкІэ къэхІуащ.

АБЫ КЪЫЩІГЪЭЛЪГЪУАЩ Париж 2013 гъэм мазаем и 9-м щекІуэкІа «Тажышхуэ» дунейпсо зэхьэзэхуэм ди спортсменхэри зэрыхэтар. КЪБР-м щыщ Мудрэн Бесльэн Франджым и къэралыкъэм жэз медалыр къыщІэкІащ.

«ПщІэ зыхуэтщІ Арсен Башир и къуэ, - итщ телеграммэм. - Урысейм дзюдомкІэ и федерацэмрэ дзюдомкІэ дунейпсо фондымрэ я цІэкІэ фІыщІэ пэудощІ апхуэдэ екъуІэныгъэ къэтхьын папщІэ фІи щІыналъэм мы спорт пІуэмыжыгъуэм зыщІегъэужьыным куэд зэрыхэпщІыхьам къыхэкІыу. Дынохъэхъуэ узыншагъэ быдэ уиІэну, фи спортсменхэм ехъуІэныгъэщІэхэр къахьыну».

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

• Энергетикэ

Нэхъыфіхэм хабжэ

УФ-м и Президент Путин Владимир мазаем и 13-м иригъэкІуэкІащ Гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ экологие шынагъуэншагъэмрэ зэрызэужьыну стратегием пыщІа Іуэхугъуэхэмкіэ комиссэм и зи чэзу зэІуІэр. А Іэнатіэхэм я унафэщІхэр зыхэта зэхьыхьэм къэралым и Іэтащхьэм гульытэ хэха щыхуищІащ тук уасэхэр зэратым, сыту жыпІэмэ, электрокъарукІэ кьызэзыгъэпэщ компаниехэм энергие къэзылэжьхэм я щІыхьэшхэ зэрателыр нужьрей зэманым урысейпсо Іуэху хьуащ.

УФ-м ЭНЕРГЕТИКЭМКІЭ и министр Новак Александр и докладым щхьэхуэу кьыщытеувыІащ КИФЩІ-м и республикэхэм абы и лъэныкъэкІэ щытыкІэр зыщыхуэдэм. Абы кьызэрыхигъэщамкІэ, нэгъабэ бадзэуэгъуэм и 1 льандзэрэ (илъэс ныкъуэм кьриубыдэу) кьагъэсэбэпа токымкІэ щІыхуэхэр хэпщІыкІыу нэхъ мащІэ хьуащ. Ар и фІыгъэщ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр, Урысейм Энергетикэмкіэ и министерствэм, энергокомпаниехэмрэ хабззхьумэ Іэнатіэхэмрэ щыщхэр хэту, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ Хлопоник Александр и унафэщІу кьызэрагъэпэща гуп хэхар а Іуэхум жыдкэру яужь зэрихьам. Министрым зэрыжиІамкІэ, Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэ псоми кьарузехьэ Іэнатіэхэр зыхэта зэІуІэр щрагъэжьэуакІащ.

- 2012 гъэм и апэ мазихым щІыхуэхэр сом меларди 4-м нэсауэ щытамэ, етІуанэ ильэс ныкъуэм кьриубыдэу ар сом мелуан 500-кІэ дгъэмэщІэн тхуэзэфІэкІащ. Абы кьегъэльагъуэ щІыпІэхэм мы Іуэхум я гупэр зэрыщыхуагъэзар

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм и коллегием зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм мазаем и 11-м *№38-ПП*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм и коллегием, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м кьыдигъэкIа Унафэ №373-ПП-мкIэ къиштам, мы кьыкIэлыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) коллегием хэгъэхъэн мы кьыкIэлыкIуэхэр:

КъуэЩуфэ А. Ж. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Куэтэншы М. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм финансэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Тхьэгъэлэдж З. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Цыхухэр лэжьыгъэкIэ кьызэгъэпэщыныкIэ и къэрал комитетым и унафэщIыр;

б) Бэрокъуэ А. Хь. и кьулыкъым зэреджэр щIэуэ къэхьын – Къэрал Iуэхущ1апIэм – Урысей Федерацэм Социальнэ страховании и фондым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуэу);*

в) коллегием къхэгъэкIын Бакъ Н. Хь., Къуэдзокъуэ М. М., Тау Б.Хь. сымэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ХЬЭСАНЭ Руслан

● Шыгнагъуэншагъэ

Зыгъэсэныгъэхэм зыхуагъэхьэзыр

Видеоконференцэ зэпыщIэныгъэ щытыкIэм иту мазаем и 28-м екIуэкIынущ Урысей Федерацэм и субъектхэм я муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм Зыуэ щыт я пльыр-диспетчер кьулыкьуэхэм я урысейпсо зыгъэсэныгъэхэр. Абы зэрыхуэхьэзырым щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Правительствэм КъыкIэрыфыкIуэ щытыкIэхэм защыкъуэныфэрэ апхуэдэхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжьынымкIэ, мафIэс щынагъуэншагъэр кьиззэгъэпэщынымкIэ и комиссэм и зи чэзу зэIущIэм.

- РЕСПУБЛИКЭМ и муниципальнэ зэгухьэныгъэ 13-м Зыуэ щыт я пльыр-диспетчер кьулыкьуэр (ЕДДС) а зыгъэсэныгъэхэм хэтыну сыщоугъ, - жиIащ зэIущIэр езыгъэкIуэкIа, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и яп1э кьуэдзэ, комиссэм и Iэтащхьэ **Уянаев Казым**. Абы кьалэн ящищIащ зыхуэфащэ лэжьыгъэ псори ирагъэкIуэкIыну.

УФ-м и УФС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Шагин Сергей** кьиззэхуэсахэм ягу кьинагъэкIыжащ кьуэдыхэм зэрыхэхъуар икIи сом мини 100-хэм зэрыпэсар, котельнэм и страховании сом мин 50, нэхъыбэ зэрытекIуадэр. Апхуэдэу щыщыткIэ, а гуныехьэр зэрфIэхъын папщIэ бюджетым зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэн хуей зэрыхъунурн кьыхигъэщащ.

Нашлык кьалэ администрацэм и тхьэмадэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Кладько Игорь** зэрыжиIамкIэ, кьалэм дэт общежит 44-р мафIэсгъэнкIыфI IэмэпсымэхэмкIэ кьиззэгъэпэщащ, арщхьэкIэ мафIэс кьэхъу хьужыкьуэмэ, жьбагъэ кьозыгъащIэ сигнализацэ щыгъэувар 3 кьудейрщ. Дызыхьхьа илъэсым и яп1э мазихым апхуэдэ Iэмэпсымэхэр общежитхэм щыгъэувыным сом мелуани 10 трагъэкIуэдэнущ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, мы тIукур зыхурикъунур ухуэныгъэхэм ящыщу 10-рщ.

Уянаев Казым кьыхилъхьащ хъыбар кьозыгъащIэ Iэмэпсымэхэр зэрагъэувыну щыкIам хэлъхьэну. Air1э итъщыпхъэщ псоми кьагъэсэбэп пэшхэр, абыкIэ щынагъуэншагъэр общежит псоми кьыщыззэгъэпэща хъунущ. Апхуэдэ Iуэху бгъэхьхьэкIэр диныгъащ Кладько Игорь. Абы кьиззэригъэтэгъуамкIэ, сигнализацэхэр пэшхэм щыщагъэувым, абы щыпсэухэм ар кьаззэрыгурымыIуэм ирихьэлIащ администрацэр.

ЗэIущIэм апхуэдэуи щытепсэлъыхьащ хъыбар кьозыгъащIэ Iэмэпсымэхэр зэрагъэувыну щыкIам хэлъхьэну. Air1э итъщыпхъэщ псоми кьагъэсэбэп пэшхэр, абыкIэ щынагъуэншагъэр общежит псоми кьыщыззэгъэпэща хъунущ. Апхуэдэ Iуэху бгъэхьхьэкIэр диныгъащ Кладько Игорь. Абы кьиззэригъэтэгъуамкIэ, сигнализацэхэр пэшхэм щыщагъэувым, абы щыпсэухэм ар кьаззэрыгурымыIуэм ирихьэлIащ администрацэр.

ЗэIущIэм апхуэдэуи щытепсэлъыхьащ мафIэс кьэхъуэкIэр щынагъуэр щынэхъыбэ гъатхэ-гъэмахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырым. Республикэм мафIэсу кьыщыхъуар, абыхэм щыхуэ хэкIуадэр гъэмэщIэным хуэунэтIа Iуэхугъуэхэр иregъэкIуэкI МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэм. Абы хэм ящыщщ. «ЛсэупIэ-2013» лэжьыгъэр. Мэхъэмэ мафIэс кьыщымыгъэхъуным гулыIтэ хуащащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Ветеран Къэтей Къазбэч и гукъэкIыжхэр къеIуатэ.

«Налшык» спорт комплексым щекIуэкI зэпеуэм къриxьэлIахэр.

«Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Канунниковэ Татьянэ Тхьэгъэлъэдж Тимур тыгъэ ирет.

Ди газетым зэрытетащи, мазаем и 15-м Налшык къалэ щекIуэкIащ Афганистан Республикэм советыдзэхэр щызэрыращыжрэ илъэс 24-рэ зэрырикъум теухуа Iуэхугъуэхэр.

Зауэ уIэгъэншIэ хъуркъым

● ПэкIухэр

ПЩЭДДЖЫЖЬЫМ сыхьэти 10-м «Налшык» спорт комплексым щызэхашащ IэпщэрыбланэмкIэ ныбжьыщIэхэм я зэпеуэ. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ, Цыхубэ ящыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэхэм, «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетым, Афганистаным щызэхахэмрэ зауэ зэпэщIэуэныгъэхэм хэтахэмрэ я зэгухьэныгъэм, IэпщэрыбланэмкIэ федерацэм.

ЕкIуэкI Iуэхум и мыхьэнэм и инагъыр зыхыуигъащIэу, спорт макъамэ лъэщ къэIуащ. Фащэ зэкIужхэмкIэ зэщыхъэныкIа, зыхэтыну зэхъуэзэхуэм зэрыхуэхьэзырыр зи нэгум кьищ щIалэхэр стадион утыкум кьихьащ. Зэпеуэм къриxьэлIа нэхъыжьыфIхэм ныбжьыщIэхэм яхуэгъэза псалъэ Iущ куэд жаIащ а махуэм. Афганистаным щызэуахэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Тхьэгъэлэдж Тимур** жиIащ:

- Ветеранхэм я фэеплъу кьызэдгъэпэща спорт зэхьэзэхуэхэм мыр я ешащ. Iуэхум, сыт щыгъуи хуэдэу, фыкъызэрыхьхьам папщIэ ныбжьыщIэхэм фыщIэ фхудощI. ЩIалэгъуалэрщ къэкIуэнур зейр. ЕхъулIэныгъэ фIэIэну, зыныуэзащIыну дыныворхуэхъу! Фыщалъхуа щIыналъэр, фыкъызыхэкIа лъэпкъыр, абы и бзэр, и щэнхабзэр фIыуэ флъагъу. Ауэ зыщыбмыгъэгъупщэ псоми ди зэхуэдэ зы къэралыгъуэшхуэ дызэриси, хуей хьужыкъуэмэ, абы дыкъыщнэмыщIа, Налшык къалэ и дей хадэм, Афганистаным щызэуахэм я фэеплъым деж, пэкIу щекIуэкIащ. Цыхуу куэд щызэхуэса дауэдапщэр екIуу къызэгъэпэща хъуат. Абы кьриxьэлIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм, республикэм и Дзэ комиссариатым, Афганистаным щызэуахэм я зэгухьэныгъэм, Налшык къалэ администрацэм, КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ, ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэхэм, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм, КъБР-м ис муслъымэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм, хабзэхъумэ органхэм я лIыкIуэхэр, еджакIуэ цIыкIуэхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ.

- Фи махуэ фIыуа, ныбжьэгъу лъапIэхэ! - жиIащ Налшык къалэ администрацэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Дол Анжелэ,** зэхуэсыр къыщызэIуихым. - Афганистаным щыIа советыдзэхэм ящыщу нужьрей полкыр 1989 гъэм маIаем и 15-м ди къэралым къихьэжащ. Псори зэхэту а къэралым щыIа ди зауэлIхэм ящыщу мин 14-р хэкIуэдащ, мини 6-р зауэм къикIыжа иужь иIыкIыжащ ягъуэта уIэгъэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цIыху 55-м кьагъэзэжакъым. Дэ нобэ абыхэм я адэ-анэхэм захуэдгъазэу жыдоIэ: «ФIыщIэ ин фхуэфащэщ, Хэкур фIыуэ зылъагъу бын зэрыбгъэсам папщIэ!»

ПэкIум кьыщыпсэльащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэ **Власов Александр:**

- Афганистан Республикэм щекIуэкI демократие зэхъуэкIыныгъэхэр а лъэпкъым дагъэкIуэтэну я мураду абы щызэуа, щыхэкIуэда ди лъахэгъуэхэр дигу къыщыдгъэкIыжкIэ, къыжьIапхъэу къыщIэкIынщ а зэманым Хэкум здигъакIуэ щыпIэм икIэщIыпIэкIэ нэсыныр дэтхэнэ зы совет зауэлIым и дежкIи къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытар, - жиIащ абы.

АдэкIэ псалъэ ираташ Афганистаным щекIуэкIа зауэм хэта, КъБР-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министр **Васильев Сергей.**

- Афганистаным советыдзэхэр къызэрырашыжрэ илъэс 24-рэ зэрырикъум теухуа дауэдапщэхэр нобэ СССР-м хэту щыта дэтхэнэ зы щIыналъэмэ щокIуэкI, - жиIащ министрым. - ЩIалэгъуалэм зыныфхузогъаазэ: Хэкур зэрахъумэм и щапхъэ фиIэщ фэ нобэ. Си фIэщ мэхъу, хуей хъужьыкъуэмэ, фыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрми ди къэралми факъызэрыщхьащыжынур.

- КъыттекIуауэ ди дзэхэр а къэралым кьикIыжакъым, - жиIащ Ветеранхэм я Налшык къалэ советым и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустэфа.** - Дызэщыпсахэм, абы щыдгъэзэщIа къалэным папщIэ фIыщIэ ин къыткъуащIу дыкъэкIуэжащ. Абы щыгъуэ дунейм и зы дэтхэнэ щIыпIэми нэрылъагъу щыхъащ ди къэралым къыфIэлIыкIыу, пщIэ кьыхущIу щытын зэрыхуейр. Ныбжьыщ1эхэм вжьзоIэ: цIыху щыпкъэу дунейм фатет, сыт хуэдэ лъэпощхьэпо фримыхъэлIэми, фи гум дахагъэрэ пэжыгъэрэ ивгъэлъ!

МВД-м и жылагъуэ советым хэт, генерал-лейтенант **Щоджэн Хьэчим** жиIащ а къэралым щекIуэкIа зауэм зэрыхэтам нэмыщI, ди цIыхухэм абы заводхэр, школхэр, сабий садхэр зэрыщаухуар.

«Зауэм зэкъуэш ищIаэхэр» ветеран зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарь **ГъукIэ Хьэсэнбий** ЩынагъуэншагъэмкIэ федеральнэ къулыкъуу КъБР-м щыIэм и цIэкIэ Афганистаным щызэуа зауэлIхэм ехъуэхъуащ, «Афганистаным советыдзэхэр къызэрырашыжрэ илъэс 15 ирокъуэ юбилейнэ медалхэмрэ ЩIыхь тхылъхэмрэ яхуигуэщащ.

КъБР-м ис муслъымэнхэм я Iуэхущ1апIэм и тхьэмадэ **Дзасэжь Хьэзраталий** дыуэ яригъэщIащ Афганистаным щекIуэкIа зауэм хэкIуэдахэм папщIэ.

Зэхыхьэм и кIэм удз гъэгъахэр фэеплъым тралъхьащ.

ИужькIэ зэIущIэм хэтахэр ХьэтIохъущокъуэм и цIэр зезыхьэ зыгъэпсэхупIэ паркым щыIэ МафIэ мыужьыхьжьым деж зауэм хэкIуэдахэм щахуэщыгъуащ, удз гъэгъахэр тралъхьащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн,
Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Зэхьэзэхуэр щекIуэкIым.

Налшык, мазаем и 15-м.

● КъБР-м и прокуратурэм

Лэжьыгъэ пыухыкIа ирагъэкIуэкI

КъБР-м и прокуратурэм къыщыпщытэжащ коррупцэм пэщIэтынымкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыныр, къызэрыпэщащым теухуауэ нэгъабэ зэфIагъэкIаxэр.

КъЫЗЭРАГЪЭЛЪГЪУАМКIЭ, хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэр, власти и къудамэхэр ящыгъуэу коррупцэ хуэзэбжьымэхэр щыыпагъэнымэ, ахэр къызэпыудыным хуэунэтIауэ республикэм и прокуратурэм лэжьыгъэ пыухыкIа иригъэкIуэкIащ.

«2011 - 2013 гъэхэм КъБР-м коррупцэм зэрыщыпэщIэтынур» щIынальэ программэр ягъэзащIэ. Къэрал властымрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ Iуэхущ1апIэхэмрэ я къудамэхэм коррупцэр профилактикэ зэращIыну щIыкIэр ягъэбелджылащ, кьулыкъущIэхэм я къэпэнхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъ. Iуэху зэIумыбзэхэр зэхэзыгъэкI комиссэхэр къызэрагъэпэщащ, коррупцэ хьэгъэщагъэхэр нэхъыбэу щызэкIуэнкIэ хъуну кьулыкъуэхэр ягъэнэIуащ. Къэрал, муниципальнэ къулыкъущIэхэм я хэхъуэхэр, абыхэм ябгъащIэлъ мылъкумрэ ахэр зыхуэдэмрэ тхылъкIэ кърагъэтащ, пщалъэ-правовой актхэр коррупцэ нэщэнэхэм зэрыхуэхейр къапщытащ. Хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэм папщIэ, республикэм и районхэм зэзыгъэуIу зэIущIэхэр щрагъэкIуэкIащ, коррупцэм пэщIэтынымкIэ Iэнатlэхэм я ездай гупхэр зэпымыууэ мэлажьэ, къэпщытакIуэкIэлъыплъакIуэ органхэм ящыгъуэу Iулъхьэм пыщIа хьэгъэщагъэхэр къыщIэгъэщынымэ теухуа Iуэхугъуэхэм хэтащ.

Илъэс кIуам къэрал, муниципальнэ къулыкъущ1апIэхэм коррупцэм пэщIэтынымкIэ законодательствэр 3140-рэ къыщызэпаудащ. Абыхэм ящыщу 330-р хабзэм къемызэгъ правовой актщ. Ахэр ирагъэгъэзэкIуэжьын папщIэ, яхуэзымыдэ тхылъу 330-рэ хуатхащ, хабзэм къемызэгъ правовой акту 282-рэ къызэтрагъэувыIащ икIи зэрагъэгъэзэхуэжащ. Сом мелуани 159-рэ мин 582-рэ зыхуэзэ иск тхылъу 40 судхэм иратати, сом мелуани 159-рэ мин 507-м пэкIу иск 18-м арэзы щытехъуащ. Къалэн ящызыщI тхылъу 506-рэ хуатхащ. Абыхэм хэпльэри, цIыху 581-рэ дисциплинэ жэуапым ирашэлIащ. КьулыкъущIэ 255-м административнэ жэуап ирагъэхьащ, унафэщI 24-м хабзэм текI зэрымыхъунур гурагъэIуащ.

УФ-м и УПК-м и 37-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и 2-нэ пунктым къызэригъэувым тету, следствиемкIэ Iуэхущ1апIэхэм тхыль 68-рэ ирагъэхьащ, абыхэм ялкъ иткIэ, уголовнэ Iуэхуу 58-рэ къызэIуахащ.

Коррупцэм зэрыпэщIэт щылъэправовой актрэ абыхэм я проекту 3639-рэ зэпкърахати, 367-м апхуэдэ нэщэнэхэр хэлъу ящыгъуэ.

Хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм коррупцэ унэтIныныгъэ зиIэ щIэпхъаджагъэу 279-рэ къыщIагъэщащ, 28-р Iулъхьэ зэIэпызыхьэм яхуэгъэзащ. Хэпльэ нэужь, цIыху 37-м зэрагъэкъуанщэ тхылъу 35-рэ хуатхащ.

Коррупцэм пэщIэтынымкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыныр прокуратурэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Абы къыхэкIыу, цIыхухэмрэ Iуэхущ1апIэхэмрэ зыфхудогъаза коррупцэ хьэгъэщагъэ зэрахьэу гу лъыдгтэмэ, хъыбар къыдэвгъащIэну.

Ди хэщIапIэр: Налшык къалэ, Кулиевым и цIэр зезыхьэ уэрам, 16. Телефониф: 40-45-51; электрон пощтыр: «prokuror-kbr.ru.».

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Хьэгъэжей Миланэ и лэжьыгъэр куэдым ягу ирихьащ.

ТхакIуэ щэджащэхэм я фэеплъу

●Си бзэ - си псэ, си дуней

Егъэджакlуэхэм я щэныгъэм щыхасгъахьуэу Налшык щыIэ институтым иджыблагъэ щекlуэкlащ 5 - 11-нэ классхэм я къэхутэныгъэ, творческэ лэжьыгъэ нэхъыфlхэм я республикэпсо зэпеуэр.

АР къызэгъэпэщыныкlэ щlэгъэкъуэн хьуат КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэр, «Адыгэ псалъэ», «Заман» газетэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, «Эльбрусоид» щыхубэ фондыр. Бзищымкlэ (адыгэбзэ, балыкъэрыбзэ, урысыбзэ) екlуэкlа зэпеуэр теуХуат адыгэ, балыкъэр тхакlуэшхуэхэу Щоджэнцыкlу Алий, Нало Заур, Кулиев Къайсын, Отаров Керим сымэ я гъащlэмрэ я творчествэмрэ.

Iыхьищу зэщхьэщыхуаэ екlуэкlащ зэпеуэр. Яп щыкlэ я школхэм, абы кьыкlэлыкlуэу куейпсо зэхьэзэхуэхэм зи зэфlэкlэр щызыгъэлъагъуэ еджакlуэ щыкlуэхэм я нэхъыфlкэр кьыхахри, Налшык махуэтlкlэ щызэпеуащ. Яп махуэр теухуат адэгэ тхакlуэхэу Щоджэнцыкlу Алийрэ Нало Зауррэ. Абыхэм я творчествэм дихьэх ныбжьыщlэ куэд щызэхуэсат а махуэм едгъапlэм. Ахэр тхакlуэшхуэхэм я lэдакъэщlэкl гъуэзэджэхэм адыгэбзэкlэ, урысыбзэкlэ Iэзэу еджащ, бзэхэм я щэрыуагъэр, дагъэгъэлъагъэр гъуэгуф щыгъэ. Темыр-Къан Дианэ (Нарткъалэ, 5-нэ курыт школ, 11-нэ кл.) Мысост Оксанэрэ (Зэрэгъыж, 9-нэ кл.); ещанэ эвэлlэр хуагъэфэщащ Блий Миланэ (Урыху, 9-нэ кл.).

Урысыбзэкlэ екlуэкlа Iыхьэм хэтахэм я зэфlэкlхэм кlэлъыплъахэм увыпlэхэр мыпхуэдэ щыкlэу ягуэшащ: еджакlуэ нэхъыщlэхэм я гупым щытекlуащ Кlэдыкlуей Анд э (Щэджэм Етlуанэ, 1-нэ курыт школ, 6-нэ кл.); етlуанэ увыпlэр Мамбет Азрэт (Къулькъужьым Ипщэ, 1-нэ курыт школ, 6-нэ кл.), ещанэр Къуэдз Миланэ (Къулькъужьым Ищхьэрэ, 3-нэ курыт школ, 6-нэ кл.) сымэ хуагъэфэщащ.

7 - 8-нэ классхэм я зэпеуэм хэтахэм я нэхъыфlу кьалыгтащ Пщыхьэщlэ Оксанэ (Хьэтlохьэщыкъуей, 1-нэ курыт школ, 8-нэ кл.); етlуанэ увыпlэр кьихьащ Бейтыгъуэн тхыгъэ куэд щlиджыкlащ, а щыху щэджащэм Iурылъэ бзэм и къуелеягьыр куууэ зыхищащ. 4-нэ классым щlэс щыкlыухэм Iурыуатэр зэрысрагъэджым, псальэжьхэм, псыгъэхэм, псынщlэрыпсалъэхэм сабийм я бзэм, я зэхэщlыкlым зэрызэрагъэужьым зэман гуэркlэ кlэлъыплъащ, абы и уэхlэ ахэр и лэжьыгъэм щыIэпкърихьжащ.

Зи гугъу тщIы гупым етlуанэ увыпlэр кьыщахьащ Ету Хьэжмухьэмэдэрэ (Къулькъужьым Ипщэ, 1-нэ курыт школ, 11-нэ кл.) Мысост Оксанэрэ (Зэрэгъыж, 9-нэ кл.); ещанэ увыпlэр хуагъэфэщащ Блий Миланэ (Урыху, 9-нэ кл.).

Урысыбзэкlэ екlуэкlа Iыхьэм хэтахэм я зэфlэкlхэм кlэлъыплъахэм увыпlэхэр мыпхуэдэ щыкlэу ягуэшащ: еджакlуэ нэхъыщlэхэм я гупым щытекlуащ Кlэдыкlуей Андэ (Щэджэм Етlуанэ, 1-нэ курыт школ, 6-нэ кл.); етlуанэ увыпlэр Мамбэт Азрэт (Къулькъужьым Ипщэ, 1-нэ курыт школ, 6-нэ кл.), ещанэр Къуэдз Миланэ (Къулькъужьым Ищхьэрэ, 3-нэ курыт школ, 6-нэ кл.) сымэ хуагъэфэщащ.

7 - 8-нэ классхэм я зэпеуэм хэтахэм я нэхъыфlу кьалыгтащ Пщыхьэщlэ Оксанэ (Хьэтlохьэщыкъуей, 1-нэ курыт школ, 8-нэ кл.); етlуанэ увыпlэр кьихьащ Бейтыгъуэн Миланэ (Лашынкъей, 2-нэ курыт школ, 8-нэ кл.); ещанэр ээдагъэшащ Къарэ Сультlэнрэ (Щэджэм Етlуанэ, 1-нэ курыт школ, 7-нэ кл.) Нэгъуей Залинэрэ (Хьэтlохьэщыкъуей, 3-нэ курыт школ, 7-нэ кл.).

9 - 11-нэ классхэм я зэпеуэм яп увыпlэр кьыщихьащ Ныр Аминэ (Къулькъужьым Ищхьэрэ, 3-нэ курыт школ, 10-нэ кл.); етlуанэр Ету Хьэжмухьэмэдэ (Къулькъужьым Ипщэ, 1-нэ курыт школ, 11-нэ кл.); ещанэ увыпlэр ээдагъэшащ Ныр Руэзанэ (Бахьсэн кьалэ, 5-нэ курыт школ), Хьэтlохьэ Иннэ, Хьэтlохьэ Ксение (тIури Майскэ кьалэм дэт ещанэ курыт еджапlэм щlэсщ) сымэ.

Зэпеуэм я етlуанэ махуэр, ищхьэкlэ зэрыщыжьыслащи, зытеухуауэ щытар балъкъэр тхакlуэшхуэхэу Кулиев Къайсынрэ Отаров Керимрэт. А зэхьэзэхуэм хэтахэм лэжьыгъэ тщыгъэгъуэн куэд кьагъэльэгъащ. Тхакlуэшхуэхэм я лэжьыгъэхэр лъэныкъуэ куэдкlэ зэпкърахащ, абыхэм ятеухуауэ тхыдэм кьыхэна Iуэхугъуэ гъэщlэгъуэнхэм тепсэлыхьащ еджакlуэхэр, я усэхэм уэцIэпишу гукlэ кьеджащ.

Кьыхэгъэщыпхъэщ адыгэбзэкlэ екlуэкlа зэпеуэм хэта, Къулькъужьым Ипщэм дэт 1-нэ школым и еджакlуэ Бабыгуей Миланэ кьызэхуэсахэм я пащхьэ щигъэлъэгъуа лэжьыгъэр. «Лъэпкъ щыкlым и усакlуэхэр» - арат абы фlищар. Кулиев Къайсын и тхыгъэхэм нэхъ игу ирихьу кьыхиха анэм и образым тепсэлыхьха я мэхъ, Миланэ тхыгъэ зэмылlэужьыгъуэхэр кьызэрыщыкlыхур кьыщигъэлъэгъащ и сурэтхэм. ТхакIуэм хуэгъэзэауэ зэхихлъха усэ щыкlуэм Кулиевым и усэхэм щыщхэми Iэзагъэшхуэу хэлъу кьежьащ Миланэ. Я анэдэлъхубзэми, лъэпкъ зэмылlэужьыгъуэхэм я литературэмэ сабийхэр дезыгъэхьэх егъэджакlуэ Iэзэ, зи еджакlуэ нэхъыбэу зэпеуэм кьыхэзыха Къуэщысокъуэ Мадинэ фlыщlэ ин хуэфащэщ. Бабыгуей Миланэ зыхэта гупым (5 - 8-нэ классхэм) етlуанэ увыпlэр кьыщихьащ. Яп увыпlэр хуагъэфэщащ а школ дыдэм щеджэ Iэхьуэбэч Дианэ, ещанэр – Хэжь Миланэ (Бахьсэн, 11-нэ школ).

9 - 11-нэ классхэм я зэпеуэм хэтахэм я нэхъыщхьэхэм (9 - 11-нэ классхэм) я лэжьыгъэхэр зэмылlэужьыгъуэт, удэзыхьэхт, иджыйей технологиеизэ кьызэрагъэсэбэтам аэзэр нэхъ кьалэмэтыж ищlырт. Къулькъужьым Ищхьэрэ кьуажэм дэт 3-нэ курыт школым и еджакlуэ Багъ Фатlимэ яп увыпlэр кьихьащ. Къулькъужьым Ипщэм дэт 1-нэ школым щеджэ Бэлагъы Залинэ етlуанэр хуагъэфэщащ, Бахьсэн кьалэм дэт 5-нэ школым кьыкlэ Нэхущ Залинэ ещанэ увыпlэр кьихьащ.

Урысыбзэкlэ екlуэкlа зэпеуэм пашэ щыхьуахущ Кьэжэр Кьантемэрэ (Щэджэм кьалэм дэт курыт школ №11), Воронин Артем (Звездный жылагъуэм щыIэ курыт школ), Къуэдзкъуэ Фаридэ (Бахьсэн кьалэм дэт курыт школ №8), Муртазов Батыр (Налшык кьалэ щыIэ 9-нэ школ), Крикун Иринэ (Майскэ кьалэм щыIэ курыт школ №5), Ли Алинэ (Прохладнэ кьалэм дэт гимназие №2), Мэремкъул Алинэ (Къулькъужьым Ищхьэрэ дэт курыт школ №3) сымэ.

Тхакlуэшхуэхэу Щоджэнцыкlу Алий, Нало Заур, Куливе Кьайсын, Отаров Керим сымэ я гъащlэм, я творческэ гъуэгуанэ купщlафlэм щыщу зыри кьамыгъэна кьыпфlэщыт, еджакlуэхэм я лэжьыгъэхэм ущеплъкlэ. Кьэпщтакlуэхэм я пашэ Инчы Иринэ фlыщlэ яхуищlащ зэпеуэм хэта псоми кьикlи еджэным, гъащlэм екъуlэныгъэ щаlэну екъуэхуэщ.

ЩОДЖЭН Iэминат.

Зэпеуэм хэтахэр.

Дунейпсо Арткомитетым Кавказ Ищхьэрэм щиIэ къудамэм илъэс къэс къызэригъэпэщ Iуэху дахэ иджыблагъэ щригъэкlуэкlащ Профсоюзхэм Щэнхабзэмкlэ я унэм (Налшык къалэ).

Я ЛЭЖЬЫГЪЭМ хуэIэкlуэлъакlуэу, Кавказым ис лъэпкъхэм я щэнхабзэр яхуэмэу къызэрыгъэзугурыкlуэм папщlэ, уэрэджьыакlуэ, композитор нэхъыфlхэм «Золотой микрофон» саугъэт лъапlэр иратащ. Апхуэдэхэщ: Чэрим Ринат, Аслъэн Iэсият, Рахманов Кьасбулэт, Аппаев Алим, Биштов Аззмэт, зэгъусэу уэрэд жыIэхэу Кесаев Эльбрусрэ Болотаевэ Маерэ, Успаев Амур сымэ. Зэхьхьэм кьекlуэлlахэм Iэгуауэшхуэкlэ утыку ирагъэблэгъащ Сокъур Ольгэ, Газаев Алим, Гуцаты Нодар, Тхьэгъэлэдж Светлана, Даур Иринэ, Багъ Любовь, Уэзрокъуэ Чэрим, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакlуэ гупыр, КъБКъУ-м къафэмкlэ и «Каллисто» ансамблыр, цIыхубз къафэмкlэ «Маленький джигит» гупыр, нэгъуэщl кlуэди.

● Щэнхабзэ

НэхъыфIхэм папщIэ - саугъэт нэхъ лъапIэ

Пашэ хъуэхэм я саугъэтхэр иратащ Урысейм и цIыхубэ артистхэ, Къэрал саугъэтым и лауреат, Гъуэзджэсэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и профессор Гъэсашэ Наталье, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубз усакlуэ Созаев Ахъмат, КъБР-м гъуэзджэхэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакlуэ, композитор Жырыкъ Заур, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телеканалым и унафэщl Дроздов Игорь, Урысейм щIыхь зиIэ и артисткъ, КъБР-м щэнхабзэмкlэ и лэжьакlуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и унафэщl Дау Марианнэ, КъБР-м гъуэзджэхэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакlуэ, Музыкэ театрым и унафэщl Бэрэгъун Руслан, Ингуш, Шэшэн республикэхэм гъуэзджэмкlэ щIыхь зиIэ я лэжьакlуэ, Осетие Ищхьэрэ-Аланием, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ я артист, «Кабардинка» къафакlуэ гупым и художественнэ унафэщl Атэбий Игорь сымэ. Абыхэм ныкъусаджэ щIыхь зиIэ и лэжьакlуэ, композитор Жырыкъ Заур, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телеканалым и унафэщl Дроздов Игорь, Урысейм щIыхь зиIэ и артистк

● Бгырыпх бэнэкIэ

ЗэфIэкIышхуэ къагъэлъагъуэ

Воронеж къалэм щекIуэкIащ студентхэм бгырыпх бэнэкIэмкIэ я урысейпсо зэхьэзэхуэ. Къэбэрдей-Балъкъарым и спортсменхэм абы зэфIэкI лъагэ къыщагъэлъэгъуащ икIи медалих къыщахьащ.

КЪЭРАЛЫМ и еджапIэ нэхъыщхьэу 67-м я бэнакIуэ 238-рэ зыхэтэ зэхьэзэхуэм къыщыхахащ бадзэуэгъуэм и 6 - 10-хэм Къэзан щекIуэкIыну Дунейпсо Универсиадэм хэтыныхэр.

Жемгуразов Аэрэт килограммии 100-м щIигъуэхэм я зэпеуэм дыщэ медаль къыщихьащ. Тхьэгъэлэдж Аэзмэт (кг 62-рэ), хьэрхуэрэгъу кьыхуэхъуэ, Тэтэрстаным щыщ дунейпсо чемпион Гарипов Марат кьыхигъащIэри, дыжьынри кьыЗэрыхащ. Дэхъущокъуэ Хьэчимич (кг 90) зыкIэпсэр итIуэнэ увыпIэращ. Жэз медалыр кьахьащ Эфендиев Расул (кг 90), Сокъур Артур (кг 90), Мысост Мурзэбэч (кг 100-м щIигъу) сымэ.

Зэпеуэм зэпэ увыпIиищыр кьыщыдэхьахэр Дунейпсо Универсиадэм кIэну Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам хагъэхьащ.

Ди щIалэхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ тренерхэу Гъуэлпъащ Замир, Гаженов Юрий, Гъуэлпъащ Арсен, Къудей Заур, Чочаев Елдар сымэ.

ГЪЭУНЭ Светланэ,
КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и пэжьакIуэ.

● Алыдж-урым бэнэкIэ

Дыщэр зи Iэрылъхьэхэр

Москва щекIуэкIащ Олимп чемпион Гуревич Борис и фэеплъу кьызэрагъэпэща, кIэдэтхэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ я зэхьэзэхуэ.

АБЫ ХЭТЭУ Урысейм, Армением, Кыргызыстан, Украинэм кьыкIахэр. Спортсменхэм я бжыгъэр 300-м щIигъурт.

Зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъарым и щIыхьыр щахъумащ Адыгэуэ Маирбэчрэ (кг 76-рэ) Тен Андемырэ (кг 100). Ди щIалитIми дыщэ медаль кьахьащ. Ахэр Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам хагъэхьащ.

● Атлетикэ хьалъэ

КъБР-м и спортсмен 17 хэтщ

Урысейм атлетикэ хьалъэмкIэ и федерацэм и сайтым кьрэлъхьащ къэралым и командэ кьыхэхам 2013 гъэм хагъэхьэнухэр.

УРЫСЕЙМ и командэ кьыхэхам ящыщ Гаккиев Таукъан (кг 69-рэ), Гобеев Михаил (кг 77-рэ), Петров Дмитрий (кг 85-рэ), Бидеев Асльан (кг 94-рэ), Олимп Джагухэм дыжьын, жэз медалхэр кьыщызыхьа Аккаев Хьэжмурат (кг 105-рэ). Абыхэм кьакIэлъокIуэ Сэбаншы Мартинрэ (кг 105-рэ) Фомичев Дмитрийрэ (кг 105-рэ).

Ильэс 23-рэ иримыкьуахэм я гупым хэтщ Макаровэ Галинэ (кг 75-рэ). А гуп дыдэм и резервым хагъэ-хьащ Лукин Артур (кг 77-рэ).

Ильэс 20 иримыкьуахэм я гупым хэтщ Тэмазэ Мурат (кг 56-рэ), Пефлер Артём (кг 77-рэ), Сарадубцевэ Еленэ (кг 58-рэ) сымэ. Резервым хиубыдащ Саломатов Дмитрий (кг 56-рэ), Къудей Жэмал (кг 94-рэ), Узденов Мурат (кг 94-рэ), Ананьевэ Иннэ (кг 58-рэ) сымэ.

Назаров Владимир (кг 56-рэ) ильэс 17 иримыкъуахэм я резерв гупым хэтщ.

ПЩЫНОКЪУЭ Залым,
КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и пэжьакIуэ.

Футбол Льэпкь Лигэм и кубокым щIалэ-щIэхэр къэдзыхакьым. Пэжщ, екатеринбургдэсхэм яхэт Бырхьэм Кьантемыр топыр кьыт-худитэжьымкIэ щIэжар.

Зэщ1ыдзэм и нужь дакьикьэ-хэм бжыгъэр зэхуэдэ хьуж пэтащ. Арщхьэкъ ди гъуэ нэщIым кIуэ топым Абазэм кьыригъэгъэзащ.

Арати, «Спартак-Налшык-ым» 1:0-у текIуэныгъэ гугъу «Урал»-м кьыфIихьащ. Апхуэдэ щыкIэкIэ Футбол Льэпкь Лигэм и кубокым хьихьэ зэхьэзэхуэм и я пэ джэгуГъуэм кьызэрыщыхьэзащIам хуэфэщэн жэуап налшыкдзэсхэм иратыжащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Хьуэхъу

Къармэхьэблэ щыщ Чыржын Алим ипхъу Ясминэ цыкIу и ныбжьыр илъэс зэрырикъумкIэ дохъуэхъу

Сабинигъуэ IэфI епхъэкIыну, узынщагъэ быдэ унIэу, гуыбжь цыкIуу, уажану, унабдзэгубдзапIъэу, уи гур кьабзэрэ фIым ухуэпабгъэу, Iэдэбагъымрэ нэмысымрэ уи фащэу укъэхъуну, уи нэхъыжьхэр куэдрэ кьыпищхьэщытыну, уи адэ-анэр, уи шыпхъу, уи дэпъкъ цыкIуэр пхуэузыншэну, насыпкIэ гъэнщIа, дахагъэкIэ псыхьа гъащIэ дахэ къэбгъэщIэну Алыхьым жиIэ!

Чыржынхэ я унагъуэр.

● Гъуэгу къежьапIэ

ЛъагапIэ инхэм хуэпабгъэ бахъсэн пщащэ

СССР-м и цIыхубэ артисткэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, уэрэджыIакIуэ пажэ Пугачевэ Аллэ «Россия Iэ телеканалымкIэ иригъэкIуэкI «Фактор А» макъымэ проектым и ещанэ Iыхьэм щIидзащ. Абы хэтынущ ди лъахэгъу пщащэ дахэ Аушевэ Лауритэ.

ЛАУРИТЭ 1993 гъэм Бахъсэн къалэ кьыщалъхуащ, кучъажэ курыт еджапIэ №2-р кьихуащ. Пасэ дыдэу дихьэхащ хъыджэбзыр уэрэд жыIэным. Ильэси 6 хьуауэ аркъудейт ар и я пэ зэпеуэм, «Дыщэ макъхэр» зи фIэщыгъэу Бахъсэн щекIуэкIам, щыхэтам. Школым зэрыщIэсым хуэдэу, пащащэм щIэныгъэ щыэригъэгъуэтащ Сабий творчествэмкIэ республикэ центрым макъамэмкIэ и школым («Налшык къалэ). Кьыхэзгъэщыпхъэщ артист цIэрыIуэ хъуа Билан Дими зэгуэр мы еджапIэм зыщигъасэу зэрыщытар.

Лауритэ хэтащ «Молодые голоса XIX века», «Патриотические песни» (Санкт-Петербург), «Утренняя звезда» (Мэхъэчкъалэ) зэхьэзэхуэхэм, нэгъуэщI куэдми. Мы зэманым ар щопсэу икIи щолажьэ Мэхъэчкъалэ. Абдежщ ар «Фактор А» шоу-проектым хэтыну щыкIуэпIрыкIар.

«Зэпеуэм сыхэтыну Iэмал кьызэрыщатар си гуапэщ. Апхуэдэ тыгъэкIэ гъащIэр кьыщыпхуэупсэр зэ закъуэу кьыщIэкIынщ. Абы кьыхэкIыуи, фIыщIэ яхуэзощI зи дзыхь кьызэзыгъэзэа кьэщыщакIуэхэм. Сэ ахэр зэрызымыгъэщIэхъуэнымк сыхуащIэкIынущ. Кьыдэдэ Iуэхэм сыфщогугъ ди Iуэху дахэр кьыддэфIыгъынI!» - жиIащ Лауритэ Москва лъэтэн и пэ кьихуэу.

ВАСИЛЕНКЭ Татьянэ,
«Бакханский вестник» газетым и корреспондент.

КъБР-м Цыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэкIэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгуэныгъэхэмкIэ и министерствэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгуэныгъэм, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгуэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Адыгэ псалъэ», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащ1эмахуэ», «Минги-Тау», «Нюр», «Нур», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэм, «Эльбрус» тхыльэ тедзапIэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» телерадиокомпаниием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпаниием и пэжьакIуэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК къэрал щэнхабзэ Iуэхущ1апIэм балъкъэрыбзэ программэхэмкIэ и редактор нэхъыщхьэ **Боттаевэ Мухьтар** хуогъэзэ абы и анэ **Боттаевэ Налжан Жашау и псыр** зэрыIам кьыхэкIыу.

● Дэ кьытхуатх

Гъэсэныгъэм хуэIэкIуэлъакIуэщ

Цыхум и гъащIэр зэрыхъунымрэ кьызэрекIуэкIынымрэ, мащIэ куэдми, еныгащ и гъэсэныгъэм. Адэ-анэм я деж кьыщыщIэдзауэ сабийм и зыужьныгъэм кIэльыплъ гъэсакIуэхэм, егъэджакIуэхэм абы теухуауэ Iуэхущхэу зэфIах.

ЗИ ГУГЪУ фхуэтщIыну Шурдым Iэминат ящыщщ зи зэманрэ зи кьарурэ емыблэжь щIэблэм и кьэкIуэнум телажьхэр. Адэ-анэхэри сабийхэри зыхуэарэзы мы бзылъхугъэр илъэс 30-м щIигъуэгъэ щоплажьэ Бахъсэн кьалэ и сабий гъэсапIэ №1-м. Абы и щIэр зэхэзымыхарр гуапагъэ ящу кьыхуимылъэ кьалэм дэсу кьащIэжьыкьым.

Шурдымыр икIи гъэкIуэщ икIи егъэджакIуэщ. Ди бынэм бзэ IэфIэ гу щабэкIэ кьаззрыбгъэдэтым адэ-анэхэр хуабжьу дегъэгуфIэ. «Пльыр сакьщ» зыхуэжьпIэн хуэдэу, егъэлеиуэ гумызагъэу, иэпщIыкIэIуэсу пэрытщ Iэминат и IэнатIэм. Зы махуи къэмынэу ар и лэжьапIэм хэпIащIэу йокIуалIэ, и псэм фIэфIу сабийм долажь. «Iэминат иIыгъ гупым ди быныр хэхуаурэ», - жаIэу куэдрэ зэхьибох. Ар и щыхьэщ а бзылъхугъэм пщIэ зэриIэм, ар щIыхум фIыуэ кьыхэзрагъэгъэм.

«Илъэсым и гъэсакIуэ» зэхьэзэхуэм 2003 гъэм кьыщцыхьжьащ Iэминат Шурдым Iэминат. Абы игъэхьэзыра дерсыр, анэдэлъхубзэр гуп нэхьыжьым щIэсабийхэм зэрагъэщIэрыгъэм теухуар, кьэпщытакIуэхэм ягу бы1ыат. Езы Iэминат кьызэрилытэмкIэ, уи анэдэлъхубзэр умыщIэу щIыу нэс кьпщэхIынуркьым.

Iэминат цIыкIуэхэм зэрадэлажьэр щыплъагъукIэ, уи гур хохьуэ. Сабийр гъэсапIэм зэрыщIэ зэманым и зы дакьикъи пщIэнщэу зэримыгъэкIуэным сыт щыгъуи хущIокъу. Илъэсым и зэманэр, щIыуэнсым кьыщыхъуу зэхъуэкIыныгъэхэр, ди щIыпIэм щыпсэу псэущхьэхэр, мэзхэр, псыхэр, нэгъэщI хьэлэмэт куэди «кьахуэ1уех» Щырдымым ныбжьыщIэ цIыкIуэхэм.

Iэминат гъэкIуэфI кьудейкым, атIэ ар икIи нысэ Iэсэщ, щIэхэгъуэ Iэдэбщ, и бынхэм (Жаннирэ Анзоррэ) я анэ гумащIэщ. И кьарумрэ и акьылымрэ псомэ пэлъэщу, гукъыеэнщэу, и лэжьыгъэм и хьер ильагъууу псэуну ди гуапэщ.

Бахъсэн кьалэ сабий гъэсапIэ №1-м зи бын езышыалIэ адэ-анэ гуп.

● Фэеплъ

И псэугъуэт, и дахэгъуэт...

МЫПХУЭДэ тхыгъэхэр тыншу кьохъулIэркьым. Гугъущ зи псэугъуэ, гъащIэм сыт и лъэныкъэкIи ехьуIэ цIыхур дунейм зэрытемытыжьыр уи нэгу кьыщIэбгъэхьэну. АрщхьэкIэ дэ дыщIыщIэр, нэгъуэщI щытхъэзэрIэмыкIынукIэ, апхуэдэхэм я фэеплъыр дгъэлъэпIэнырщ, ар мыкIуэдыжьын тщIыным дыхущIэкьынырщ.

ШынагъуэнщагъэмкIэ федералызэ Iэнатlэм и республикэ кьудамэм и прапорщик Лызам Мурат Бахъсэн кьуаежэм щыпсэу унагъуэ зэпэщыт.

И адэ-анэ Толэрэ Майерэ пщIэ зыхуащI цIыхухэщ. Лэжьакlуэ емызэшхэти, зыихуей ягъуэту псэурт. Абыхэм яхуэзэфIэкIащ и бынитIым гъэсэныгъи щIэныгъи ирагъэгъэутын. Школ нэужьым Мурат щIагъэтIысхьащ Ростов къэралым университетым и юридическэ факультетым. Щlалэр егуГъуэ егдажащ. Щlэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтауэ къыщыкIуэжам зыхуедкам ирилэжьну и хьэпсапIэт, арщхьэкIэ ар кьеХъуIакьым. Я1пэ щыкIэ Мурат дзэм кьуГъакIуу щищащ, кьыгъэзэжа нужь лэжьапIэ кьитIыхьэуэ щIидзащ. ГъэщIэгъэнщи, щымыгуГъыххауэ и Iуэху кьынкIащ. Зэгуэр гъэгуэм тету ирихьэIащ узым кьызэIинГъэхьа лЫжь гуэрым. Ар абы дэпъкьуащ: кIэрыкIакьым дохутыр-хэм я деж нигъэсу зыихуей хуигъэзэху. ЗэрыщIыхуахэщ, Зэман дэкIри, пэмыплъэхъуэ, ФСБ-м ирагъэблагъэ. Зыдэlэпкьуэа лЫжьым абы кьулыкъуфI щиIащ и кьыщIэкIат. Арат щIалэр яхуэзыгъэпъэгъуар. Зэрыгурыуэгъэущи, щIалэм и щIэныгъи и дуней тетыкIи кьаеэ щымыIэу кьапщыта нэужьщ кьыщащтар.

- И лэжьыгъэм щэху куэд хэлъми, ди щIалэм ныбжьэгъу куэд иIащ, - жеIэ и адэ Толэ. - Сэ абы сыщытхъуну тIэкIу кьемызэгъэ хуэдэщ, ауэ, пэжыр пэжу щытын хуеиIщ: зэи зэхэсхакьым лэжьыгъэкIи ныбжьэгъугъэкIи губгъэн кьыхуащIауэ. Езыр щIалэр щэхут, псэлъэрейтэжьым, ауэ сыт хуэдэ гупми яхэзагъэрт.

ЖысIэнщи, сэ илъэс зыкъом хьуауэ сцIыху езы Толи ауэ жыжьэуи щхьэорганхэм хэIущIыIу ящIыркъым езыхэм я лэжьакIуэхэм зэфIагъэкIри, пыуныкIауэ ягъэзащIэ кьалэнхэр зыхуэдэри. Ауэ абы хэм Мурат ехъуIагъэу зэрыщытам щхьэхэт тохъуэ и кьулыкъукIэ драгъэкIуеину зэрыгъэхтар. Уеблэмэ щIалэм иригъадат езым и пкъым екIуэ офицер фащэ. АрщхьэкIэ...

Ди щхьэщыгу итым нухатэкъым ар абы ильагъуну. Мурат гъуанэдэуэу кьаукIащ. ЩIаукIам и щхьэусыгъуэр белджылыкьым, лажьэ ямыIэу нэгъэщI цIыхухэр щаукIым и щхьэусыгъуэр кьызэрыдгурымыIуэми хуэдэу. Ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ гуэзэгъуэ куэд тIъэгъуащ иужьырей илъэсхэм.

ЩIалэр зэрыхэзгIуэдар ягу щIыхьащ кьэзыщIыху, и лэжьэгъу псоми. И адэ-анэм я гугъу пщIымэ, иджыри кьэс закьыхуэужьжьырыкьым.

- Дэ ди гуаэр зыгуэркIэ тщхьэщызыхьр абы и лэжьэгъуу щытахэм я нэ кьызэрыттрагъэтэрщ, - жеIэ Толэ. - ЩIэх-щIэхьурэ кьыткIэлъогъуаэз, Тхьэм и щыкуркIэ, дызыхуэныкъуэ щыIэкьым. Долажьэ, дошхэж. Ди хьыджэбз Заремэ унагъэщ, кьуэрыпхъу-пхъырыпхъуэр диIащ. Абыхэм дыгъащIэу.

Езы Мурат унагъуэ зэрригъэпэщатэкъым.

Мазаем и 16-м абы и ныбжьыр илъэс 33-рэ ирикъуну арат...

ЦЕКЪУ Пат1.

Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Шэрджэсхэм я лъэпкъ къафэр.
Сурэтыр **КАРНЕЕВ Евгений** *ищащ. 1812 гъэ*

«Урал»-р хагъэщIэж

● Футбол

Футбол Льэпкь Лигэм и кубокым къэхьыным хьихьэ зэIущIэхэм къыщынэмыщIауэ, «Спартак-Налшыкым» Кипрым зэнэкIыжьэгъуэгъэ джэгуГъуэ щригъэжьэуэкIащ.

МАЗАЕМ и 14-м ди щIалэхэр яIущащ Футбол Льэпкь Лигэм и кубокым и я пэ джэгуГъуэм 0:1-уэ кьыщыхэзыхыгъэщIа Екатеринбург и «Урал»-м. Абы щыгъуэм пенальтикIэ кьыхудагъэкIа топ закьуэмкIэ кьаззыритекIуар зэрымыщIэкIэ кьаззрехьуар псомэ наIуэ щащIыну налшыкдэсхэр щIэхьуэпсырт. ИкIи абыхэм ар кьайхьуIащ.

«Спартак-Налшыкым» хэту джэгур ирагъэжьат Кочековым, Мэкъуауэм, Сусловым, Чернышовым, Абазэм, Зинович, Ваниевым, Сирадзе, Балэм, Короновым, Дорожкиным. ИужькIэ ди тренерхэм зэIущIэм кьыхагъэхьащ Гъуэщокъуэмрэ Iлупымрэ. Зэрыпэрылъагъущи, мы-хэр кубокым тегуХа зэпеуэм щIагъуэу хэтхьым икIи зэфIэкIхьарзынэ зэраIэр кьагъэлъэгъуэну иджыщ кьащIыхукъуэкIар. А Iэмалыр ди щIалэхэм гъуэзэджэу кьагъэсэгъэпащ.

Псом хуэмыдэу жыджэрт гъущхьэхуэмэ Абазэ Руслан. Абы и гуэрэз Iуэху ихьуэмэ и закьуэтэкъым, атIэ ебгъэрыкIуэхэм щIэх-щIэхьуэрэ яхьихьэурэ екатеринбургдэсхэр игъэгужьейрт. Апхуэдэхэм ящыщ щым Абазэм кьыхитапыр Дорожкиным дигъэкIыным машIэ дыдэщ нэжар.

Арщхьэкlэ ди щIалэхэм ехьулIэныгъэ кьахуэзыхьар джэгум и етIуанэ Iыхьэрщ. Загъэпсэхури кьихьэжа кьудейуэ, Сирадзе и хьэрхуэрэгъум топыр кьыгтрихри, Короновым хуигъэжащ, абы Гъуэщокъуэм иритыжри, бжыгъэр кьызэIуха хьуащ.

«Урал»-м Iуэхум зригъэхьуэжыну хэтащ. Абы джэгум кьыхигъэхьащ кубокым «хуигъэтIыгъуэ» и футболист нэхъыфIхэу Гогниевыр, Асевердэ, Манучарян сымэ. АрщхьэкIэ ди гъуащхьэхъуэмэ щIалэщIэхэр къэдзыхакьым. Пэжщ, екатеринбургдэсхэм яхэт Бырхьэм Кьантемыр топыр кьытхудитэжьымкIэ щIэжар.

Зэщ1ыдзэм и нужь дакьикьэхэм бжыгъэр зэхуэдэ хьуж пэтащ. АрщхьэкIэ ди гъуэ нэщIым кIуэ топым Абазэм кьыригъэгъэзащ.

Арати, «Спартак-Налшыкым» 1:0-у текIуэныгъэ гугъу «Урал»-м кьыфIихьащ. Апхуэдэ щыкIэкIэ Футбол Льэпкь Лигэм и кубокым хьихьэ зэхьэзэхуэм и я пэ джэгуГъуэм кьызэрыщыхьэзащIам хуэфэщэн жэуап налшыкдэсхэм иратыжащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Футбол Льэпкь Лигэм и кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ зэпеуэр зэрекIуэкIам кьрикIуахэр

«А» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIар

Командзэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Томь»	3	1	2	0	4-1	5
2. «Балтика»	3	0	3	0	2-2	3
3. «СКА-Энергия»	3	0	3	0	2-2	2
4. «Нефтехимик»	3	0	2	1	2-5	2

«Б» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIар

Командзэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Урал»	3	2	1	0	5-2	7
2. «Спартак-Налшык»	3	1	1	1	1-1	4
3. «Ротор»	3	1	1	1	3-2	4
4. «Сибирь»	3	0	1	2	1-5	1

Ди щIалэхэр финал цIыкIум макIуэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Сибирь» (Новосибирск) - 0:0. Пафос къалэ (Кипр). «Иероскипу» стадион. Мазаем и 16-м. Футбол Льэпкь Лигэм и кубок. Гуп зэпеуэ.

Судьяр: Шадыханов (Мэскуу).

«Спартак-Налшык»: Степанов, Засеев, Тимошин, Овсиенкэ, Багаев, Аверьянов, Руа Карлос, Галин (Сирадзе, 60), Буйтрагэ, Чеботару, Болэ (Гъуэщокъуэ, 46).

«Сибирь»: Трунин, Шпичич, Головатенкэ, Ходырев, Гладышев, Кабанов, Зуев (Дудалев, 72), Бриклич (Беляев, 40), Зиновьев (Запрудских, 75), Скороходов (Стаин, 81), Житнев (Медведев, 46).

Дагъуэ хуащIащ Ходыревым, Головатенкэ, Кабановым, Беляевым, Багаевым.

Зыхэт гупым етIуанэ увыпIэр къыщихьын папщIэ «Спартак-Налшыкыр» мы зэIущIэм «Сибирь»-м кьыщыхимыгъэщIэн хуейуэ арат. Ар haIуэ хьуащ сыхьэт зыбжанэ и пэкIэ Томск и «Томь»-мрэ Волгоград и «Ротор»-мрэ зэрытемыгъэкIуауэ, 1:1-уэ, зэрызэдэжьэгуам теухуа хьыбар кьэIуа ныжьыкIэ.

Ятэрей зэIущIтIри зыфIаха новосибирскдэсхэр адэкIэ саугъэтхэм щIэбэныкфынэтхъым, ауэ абы щхьэкIэ къэмынэу, ди щIалэхэм ерыщу кьапэщIэтащ. Апхуэдэу щыт пэтми, «Спартак-Налшыкым» джэгур хуабжьу жыджэру иригъэжьащ икIи зы Iэмали кьыигьанэртэкьым и хьэрхуэрэгъухэм я гъуэм ебгъэрыкIуэн папщIэ. «Сибирь»-м щхьэжьIэтыпIэ щигъуэтар увыIэтэуэ имыIэу сыхьэт ныкъуэкIэ зихъуэжьэа иужькIэщ. Абы щыгъуэми ди гъуэм, зэ нэхъ мыхъуми, кьыззреуэн Iэмал ягъуэтакъым. Пэжщ, налшыкдэсхэри япэ Iыхьэм кьыхэжаныкIыфакъым.

Загъэпсэхуэу кьызэрихьэжу, бжыгъэр кьызэIуихыным «Спартак-Налшыкыр» хуабжьу пэгъунэгъу хъуат. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Галич зэуа топым новосибирскдэсхэм я гъащIэхьэхъумэхэм кьрагъэгъэзащ. КъыкIэлъыкIуэу Аверяноври Гъуэщокъуэри кьыхэжаныкIыфынут, арщхьэкIэ я Iэзагъыр кьаймэщIэкIащ.

«Сибирь»-ри закьуэтIакъуэ ди гъуэм кьыщIбгъэрыкIуэ щыIэт. Ауэ ахэр налшыкдэсхэм тыншу кьызэрапаудырт. Арати, бжыгъэр кьызэIуамыхауэ лъэныкъуэхэр зэбгъэдэкIыжащ.

Апхуэдэ щыгъуэ Iэм «Спартак-Налшыкыр» арэзы кьищащ. Очко бжыгъэкIэ зэхуэдэу, ауэ топ дагъэкIахэмрэ кьыхудагъэкIахэмрэ зэрызэхущытыкIэ «Ротор»-р кьыдэфIэкI пэтми, ди щIалэхэр тучтир таблицэм япэ щрагъэщащ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Футбол Льэпкь Лигэм и кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ зэпеуэр зэрекIуэкIам кьрикIуахэр

«А» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIар

Командзэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Томь»	3	1	2	0	4-1	5
2. «Балтика»	3	0	3	0	2-2	3
3. «СКА-Энергия»	3	0	3	0	2-2	2
4. «Нефтехимик»	3	0	2	1	2-5	2

«Б» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIар

Командзэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Урал»	3	2	1	0	5-2	7
2. «Спартак-Налшык»	3	1	1	1	1-1	4
3. «Ротор»	3	1	1	1	3-2	4
4. «Сибирь»	3	0	1	2	1-5	1

И псэугъуэт, и дахэгъуэт...

МЫПХУЭДэ тхыгъэхэр тыншу кьохъулIэркьым. Гугъущ зи псэугъуэ, гъащIэм сыт и лъэныкъэкIи ехьуIэ цIыхур дунейм зэрытемытыжьыр уи нэгу кьыщIэбгъэхьэну. АрщхьэкIэ дэ дыщIыщIэр, нэгъуэщI щытхъэзэрIэмыкIынукIэ, апхуэдэхэм я фэеплъыр дгъэлъэпIэнырщ, ар мыкIуэдыжьын тщIыным дыхущIэкьынырщ.

ШынагъуэнщагъэмкIэ федералызэ Iэнатlэм и республикэ кьудамэм и прапорщик Лызам Мурат Бахъсэн кьуаежэм щыпсэу унагъуэ зэпэщыт.

И адэ-анэ Толэрэ Майерэ пщIэ зыхуащI цIыхухэщ. Лэжьакlуэ емызэшхэти, зыихуей ягъуэту псэурт. Абыхэм яхуэзэфIэкIащ и бынитIым гъэсэныгъи щIэныгъи ирагъэгъэутын. Школ нэужьым Мурат щIагъэтIысхьащ Ростов къэралым университетым и юридическэ факультетым. Щlалэр егуГъуэ еджащ. Щlэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтауэ кьыщыкIуэжам зыхуедкам ирилэжьну и хьэпсапIэт, арщхьэкIэ ар кьеХъуIакьым. Я1пэ щыкIэ Мурат дзэм кьуГъакIуу щищащ, кьыгтрихри, кьыззреуэн Iэмали